ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 6 июнь 2024 год № 11 (555)

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ



А.-Х. Кадыров

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## ГІУРБАНАН ДОЗАЛЛЕХ

**ЛАРАМЕ ГАЗЕТДЕШАРХОЙ, ОХА ШУН ТИДАМЕ ДУЬЛЛУ ТХАН КОРРЕСПОНДЕНТАН КАДЫРОВ АХЬМАД-ХЬАЬЖИН ЦІАРАХЧУ «НЕКЪ» ТЕЛЕРАДИОКОМПАНИН ІЕЛАМСТАГ А, УСТРАДА-ГІАЛИН КАДЫРОВА АЙМАНИН ЦІАРАХ ДОЛЧУ МАЬЖДИГАН ИМАМ А ВОЛЧУ ХАДИСОВ ВАЛИД-ХЬАЬЖИЦА ГІУРБАНАХ ЛАЬЦНА ХИЛЛА КЪАМЕЛ**

**- Валид-хьажа, гІурба дер бохург хІун ду?**

- Къинхетаме а, Къинхетам беш а волчу АллахІан цІарца! ГІурба – иза лекха хинволчу АллахІана герга вахархьама, Іийда дийнахь дуьйш долу хьайба ду. ТІекхочуш ду бусалба нехан уггар а дезачех долу гІурба даран денош. Кху шарахь иза асаран беттан 16-чу дийнахь нислуш ду. Везачу Аллах1е и беркате дар доьхуш доІанаш дийр ду кху деношкахь сийлахьчу ХьажцІахь болчу вайн махкахоша а, цІахь долчу вай массара а. Дала вайн цІеначу дехарна жоп лург хиларх тешна а ву со.

**- ГІурба деран тоьшалла хІун ду?**

-ГІурба деран тоьшалла Къуръана тІера айат ду. Лекха Хинволчу АллахІа боху: «Ахь ламаз де хьайн Далла, урс а хьакха гІурбанна» (Сурат «Ал-Кавсар» 2 айат).

**- ГІурба дер мел деза а, мелехь а ду?**

-Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Делан Элчано (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) элира: «ГІурбанан дийнахь, Адаман кІанта йийр йолчу Іамалех

АллахІана уггар дукха йезарг – (гІурбанна урс хьокхуш) цІий Іанор йу. Бакъдолуш, Къематдийнахь иза догІур ду (ша ма-дарра), шен маІашца, шен месашца, шен бергашца (оцу хІора меженаца цунна мел хуьлуш). АллахІа къобалдо цо Іанийна цІий, иза лаьтта охьа а дожале. Цундела, аш и (гІурба) доьйла шайн цІенчу даггара» (Тирмизи).

**- ГІурба деран хІун хьукма ду?**

- Зуль-Хьиджат беттан 10-чу дийнахь малх схьакхеттачул тІаьхьа, ши ракаІат суннат ламаз дича, ши хутІба а доьшуш, урс хьокху хан йолало. И хан чекхйолу Іийдана тІаьхьадогІучу кхоалгІачу дийнахь малх чубузарца. Делан Элчано (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) аьлла: «Іийда ламазал хьалха урс хьаькхначо шена (жижигана) хьаькхна, Іийда ламазал а, шина хутІбанал а тІаьхьа урс хьаькхначо шен хьаьж кхочуш а дина, бусалба нехан суннатца а нисвелла иза» (Бухари, Муслим).

Іазибан кІанта Барраа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Іийда ламаз дарца дІадолор ду вай, тІаккха вайн хІусамашка дІа а дахана, гІурбана урс хьокхур ду. Иштта и гІурба дийнарг вайн некъа тІехь (суннат лардеш) ву, амма ламаз дале хьалха урс хьаькхначо шен доьзална даа жижиг хилийтина, гІурба дац цо дийнарг» ( Бухари).

ГІурба дер чІагІдина суннат ду, важиб дац, делахь а шен ницкъ кхочург иза ден хьажа веза, хІунда аьлча, Делан Элчано (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) ша Мединатехь даьккхинчу итт шарахь хІоразза а гІурба дуьйш хилла (Тирмизи, Ахьмад). Пайхамара (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) аьлла: «Шен гІурба ден аьтту а болуш, гІурба дуьйр доцург тхан ламазан чоьнна герга ма вогІийла» (Хьаким). Доьзалехь цхьамма дийча суннат массарна а тІера долу. Бакъду, шина хьолехь важиб хуьлий тІедужу гІурба дер. Хьалхара хьал: шен цхьана даьхни йукъара гІурбанна ден мегаш долчу хьайбанна цІе тоьхча, масала – «хІара уьстагІ гІурбанна буьйр бу ас» - аьлла, цхьа уьстагІ билгалбича, и уьстагІ бер важиб хуьлу цунна тІехь.

**ШолгІа хьал:** «Аллах1ан дуьхьа ас сайна тІелеци гІурба дер» - аьлла, йа и маьІна долчу цхьана кхечу дешнашца, цхьамма шена гІурба дер тІелацахь, важиб хуьлий тІедужу цунна иза.

**- ГІурба дер хьанна ду суннат? Хьан ден деза иза?**

-ГІурба ден деза хІара кхо биллам шеца кхочуш хиллачо: бусалба хилар, кхиъна ваьлла а, хьекъал долуш (шен кхетамехь волуш) а хилар, ницкъ кхочуш хилар.

**-Муьлха хьайба ден мега гІурбанна?**

-ГІурбанна ден мегаш долу хьайба кхоъ бен дац: йа эмкал, йа бежана, йа уьстагІ – уьстагІашна йукъайогІу гезарий а. Ткъа церах йийча уггар деза дерг эмкал йу,

тІаккха бежана ду, тІаккха уьстагІ-газа йу.

**-ХІун билламаш кхочушхила беза гІурбанна дуьйчу хьайбанца?**



-Хьалхара биллам хан йу: эмкал йалхалгІачу шаре йаьлла хила йеза. Бежана а, газа а ши шо а кхаьчна, кхоалгІачу шаре даьлла хила деза. УьстагІ цхьа шо а кхаьчна, шолгІачу шаре баьлла хила беза.

ШолгІа биллам сакхт ца хилар бу: гІурбанна дуьйш долу и кхо хьайба – эмкал, бежана, уьстагІ-газа – шайн жижигана иэшам беш долу сакхташ доцуш хила деза. Цхьана бІаьргана сагуш доцу хьайба а мегар дац, жижигана иэшам бен цамгар йолу хьайба а мегар дац, астагІа долу хьайба а мегар дац. Кхин а, лерган цхьа дакъа хадийна дерг а, йа дерриге лерг дІахадийна дерг а мегаш дац.

**-ГІурбанна урс хьокхуш дан дезаш а, дича дика долу а хІуманаш хІун ду?**

- Шега хьакхалахь шен гІурбанна ша урс хьакхар дика ду, шега урс ца хьакхалахь, хьокхучу хенахь уллохь хилар а дика ду. Ниййат дар. Нагахь санна ша гІурба кхечуьнга доьйтуш велахь, иза ша векил вечу хенахь ниййат дан деза. Муслима дийцинчу хьадисехь ду, Пайхамара (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) гІурбанна цхьа ка бийра аьлла, иза буьйчу хенахь хІара а олуш: «АллахІан цІарца! Йа АллахІ! Къобал де Ахь Мухьаммадера а, Мухьаммадан охІлангера а, Мухьаммадан умматера а!». Хьайба къилбехьа дерзор а дика ду, ГІурба къобал де аьлла доІа дича а дика ду, масала иштта: «Аллóхlумма хláзá минка ва илайка, фатакъоббал миннú» - «Йа АллахІ! ХІара Хьоьгара а ду, Хьоьга а ду, къобал де Ахь соьгара!».

**-ГІурба дийначул тІаьхьа, хІун до цунах?**

-Нагахь санна дийна долу гІурба важиб дерг хиллехь – вай, лакхахь гІурба деран хьукма дуьйцуш хьахийначу шина хьолехь дерг – и гІурба дийначунна а, цо кхаба безачарна а мегаш дац. Нагахь санна цара цунах цхьа хІума йаахь, оцу хІуманан мах тІебужу царна. Нагахь санна дийнарг суннат гІурба хиллехь – цунна мегаш ду цунах шена луъучул даа, нагахь санна цхьадерг сагІийна дІалур делахь. Делахь а, мелехь дерг, цуьнан беркатан дакъа шена а кхачийтархьама шена цхьа кІеззиг долу дакъа а дитина, дукхах дерг сагІийна дІадалар ду. Шена лаахь, иза кхаа декъе декъа а декъна, цхьа дакъа шена дита а, важа дакъа мискачарна сагІийна дала а, важадерг шена бевзачарна а, лулахошна а, гергарчарна а дала а мегар ду.

**-ГІурба дийначо гІурбанан цІока йохка мегий?**

-Ца мега, иза йохка а ца мега, йа гІурбанна урс хьаькхначунна механа йала а ца мега. Шена лаахь иза сагІийна йала а мегар ду цо, шена лаахь ша шена пайденна йита а мегар ду.

**-Цхьана меттехь дийначу гІурбанан жижиг кхечу метте дІадахьа мегий?**

-Нагахь санна гІурба дийначу меттехь цуьнга хьашт долуш миска нах белахь иза дІадахьар дика хир дац. Нагахь санна цигахь болчу мискачу нахана тоам хиллехь, совдаьлларг кхечу метте дІадахьа мегар ду.

**-ГІурба дерца доьзна долу коьрта суннаташ хІун ду?**

- Зул-Хьиджат беттан хьалхара итт де дІадоладелча, гІурба ден лууш волчунна суннат ду шен мас а, мІара а ца хадор, ша гІурба дийна валлалц. Делан Элчано (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) аьлла: «Зул - Хьиджат бутт болалуш шух цхьаъ гІурба ден лууш хилахь, шен мІара а, шен мас а ма хадайойла цо» (Муслим)

-Валид-хьаьжа, хІокху къамелехь дакъалацарна Дела реза хуьлда хьуна. Вайн къамел дерзош хІун эр дара ахь?

-Бусалба халкъ кху дезачу деношкахь къаьсттина Далла гІуллакх деш хуьлу. И сийлахь деза гІурбанна урс хьокхучу денойн сий дарца, уьш ларарца цІеначу бусалбанаша карладоху Исламан шатайпа исбаьхьа ламасташ, синмехаллаш, кхойкху къинхетаме, собаре, оьздангалле, лулахойн гІайгІа беш хиларе. ГІурба дерца цара гойту шаьш Веза а, Лекха а волчунна муьтІахь хилар. ГІурбанан сагІадаккхаран Іадат – иза гІийла-миска бохкучаьргахь дикане сатийсам кхолларан хьоста ду, дог-ойла гІатторан некъ бу. ГІурбанна урс хьокхучу деноша адамашна йуккъера уьйр-марзо чІагІйо, вовшашца долу гергарло чІагІдо. ГІурбанна урс хьокхучу деношкахь ала лаьа: «Везачу Дала къобалдойла бусалба нехан гІурбанаш! Йиман-беркат лаьттийла доьзалшкахь. Дала тІаьхье беркате йойла вайн!

Амин!

*Атабаев Султан*

## «ЛАР ЙУЬТУШ ГІОЛАХЬ»

**ЦХЬА А Х1УМА ЦА ДОВ ДУЬНЕН ЧОХЬ ЦХЬА ЛАР ЦА ЙУЬСУШ. БУЬЙСАНАН Б1АЬРХИХ – 1УЬЙРЕНАН ТХИ ДУЬСУ, СЕДАРЧИЙН ЛИТТАНАХ – ЧА ТЕКХНА ТАЧА, КОМАЬРШАЛЛАХ – РЕЗА ДИНА ДОГ**

Акхаройн а, Іаламан а, адаман а ларийн шен-шен хуьлу хьаьрк.

Амма царна йуккъехь уггар а сирла, цІена йиса хьакъ дерг йар-кха адаман лар... Хуьлийла иза кху дуьнен чу цхьана минотана йа цхьана бІешарна деанчу адамо йуьту лар. Хазачу дешнех даьккхина сагІа а ду – йеза лар.

Масех де хьалха СоьлжаГІалин керлачу сибатех марзо а оьцуш, сайн гІала сайн ойланашкахь кхин а хазйеш йогІура со гІаш. Оццул хаза урам, меттиг эрча йоккхуш, меже йаьккхина схьаго хаза адам санна, шех къахета бен ца дуьсуш, гуора дохийна керла гІант...

Кхузахь адамо йитинарг адаман лар йацара. Ма новкъа ду-кх иза, вайн кегийрхошна цкъа а кхоам ца хийти-кх йа гІантех, йа зезагех. Иштта сурт дайча хетало – вайн адамийн йукъара синкхетам, цхьа кога дахазчу берийн хеннара бен бац, къаьсттина пачхьалкхан йукъара бахам ларбар хаарна тІехь.

«ГІант – цхьаннан а бахам бацара иза-м!».

ДІора, ишколера парта йарий, цу тІехь а мега вайн наношна шайн бераша, уьрсаца доруш, йозанаш дича, ткъа цІера стол ахь хьайн ахча а духкий, оьцуш ма йай. И цІена хилчахьана, йукъара бахам – вайн хІун даьлла цунах, йа паркехь лаьттачу гІантах, йа ишколехь йолчу партех, йа газона тІерачу зезагах а.

ХІинца хии-кх суна, хІара дохийна гІант сайна гича, мацах сайна кхин гІант гича, цунна тІе ца хууш, оцу гІанта улле а хиъна, айса ойла хІунда йира.

Ингалсан махкарчу Оксфорд колледжан уьйтІахь дара иза. Исбаьхьа хаза парк. МоггІара хІиттийна гІенташ дара мраморах а, мекха ца дулучу аьчках а дина. Царна йуккъехь цхьа гІант дара шен гІовли тІехь кху колледжехь хиллачу профессоран весет т1ехь долуш.

«ХІара гІант кІадвелла вогІучунна садаІа дуьту ас со велча, сайн безамна. Цхьа а лар йоцуш, дІавахар дан а ду стаг валар. Профессор К. Хантер».

Гой шуна, иштта а воьду цхьаверг дІа. Лар йита а хаа дезаш хилла-кх... ТІамо ца вохийна ингалсхо а, тІом боцург хІума ца дайна нохчий а? Дош а ма ца карадо суна. Делахь а, вай цкъа вовшах а кхетта, дийцаре дан дезаш ду, вешан мохк, цуьнан бахаман тІалам а, цІано а ларйаран гІуллакх.

Амма ала лаьа, миччахь хьо хиларх а – ловзаргахь, тезетахь, белхех – лар йуьтуш гІолахь дІа... и карор ду хьуна.

*З. Эльдерханова*

ТАХАНА ПОЬМЕРЕХЬ

### 2-гІа агІо

**ПОСТ В ПЕРВЫЕ ДЕСЯТЬ ДНЕЙ МЕСЯЦА ЗУЛЬ-ХИДЖА**



«Благословенный месяц Зуль-хиджа является одним из самых высокочтимых месяцев для мусульман. Также этот месяц является одним из четырёх запретных месяцев, в течение которых Всевышний Аллах запретил войны. Особенно ценными в этом месяце являются первые десять дней.

От Джабира (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Наидостойнейшими днями этого мира являются первые десять дней месяца Зуль-хиджа» (Аль-Баззар).

Хафиз Ибн Хаджар Аль-Аскаляни в книге «Фатх Аль-Бари» в комментарии к этому хадису сказал: «Очевидно, что причина предпочтения первых десяти дней месяца Зуль-хиджа заключается в объединении самых значимых обрядов поклонения в эти дни. Этими поклонениями являются: намаз (праздничный намаз), пост, садакъа (жертвоприношение), хадж, чего не встретишь в другие дни»...»

### 3-гІа агІо

**МУХЬАММАДАН**
***(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)***
**НАНА КХАЛХАР**

«МУХЬАММАД ХЬАЛИМАТ ЙОЛЧОХЬ ІАШ ВОЛУШ ДІАДОЬЛХУРА ШЕРАШ. ДЕГІАНА АНДАВАЬЛЛЕРА, ЧІОГІА КХЕТАМЕ ВОЛУШ КХУЬУШ ВАРА. ДУЬНЕН ЧУ ВАЛАЛЕ А, ЦУЛ ТІАЬХЬА А ДАЛА ЛАРВЕШ МА ВАРА ИЗА.

Мухьаммад гинарг, цо Іаьрбийн мотт говза буьйцуш хезнарг чІогІа цецволура цунах. Мухьаммадан пхи шо кхаьчча, иза кхобуш йолчу Хьалимата, йуха а Аминат йолчу вигира иза.

Аминат йолчохь кІант валаваре хьоьжуш Іаш хиллера иза чІогІа дукхавезаш волу цуьнан деда Іабдул-МуттІалиб. Шен хьоме бер цІакхаьчча, чІогІа хазахеттера нанна, шен кІентакІант гича, деда а вара самукъадаьлла. ХІинца карахь лело бер дацара Мухьаммад...»

### 4-гІа агІо

**ВАЖНО ЗНАТЬ: ЖИВОТНОЕ, КОТОРОЕ НЕЛЬЗЯ УБИВАТЬ ПО ИСЛАМУ**

«Муравей, наряду с пчелой, испокон века считается в народе символом трудолюбия, выносливости и дружной, сплоченной жизни в общем коллективе. Про работящего человека часто говорят «трудолюбив, как муравей».

В народе бытует множество поговорок об этих насекомых, в которых также отражена их сила, выносливость и сплоченность. «Муравей невелик, а горы копает», «Муравей не по себе ношу тащит», «Мал муравей телом, да велик делом», «Муравьи сообща и льва одолевают»...»



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ВАЙН ЭВПАЙААШ

# ХАНТИЕВ КАНА-ШАЙХ



Накъшбандин тIарикъатехь эвлайаъ хилла Хантиев Кана-шайх. Iер-дахар Теркйистерчу Лаха-Неврехь хилла цуьнан. Иза дуьнен чу ваьлла 1848-чу шарахь. Iусман-Хьаьжин жимахволу ваша хилла иза, цуьнан мурид а волуш. Шел тIаьхьа тобанаш хьеха билгалвина а хилла иза Iусман-Хьаьжас. Жима волуш, вашас Таьшкичу Абу-шайхан (Башир-шайх) хьуьжаре дIавелла Кана. Абу-шайх дуьнен чуьра дIакхелхича, Хож-Ахьмад-шайха хьехна цунна итт шарахь. Хож-Ахьмад-шайх гIумкийн къомах хилла. Абу-шайхан тешаме мурид а хилла.

Iусман-Хьаьжас шен метта билгалвина Кана-Шайх. Тобанаш хьеха бакъо а йелла цунна.

1911-чу шарахь кхиболчу эвлайаашца цхьаьна Калугашахьаре ссылке вахийтина Кана-шайх пхеа шарна. Доьзал шеца ца хилла цуьнан. Iовдин хIусамнанас АругIаза тергойеш хилла Кана-шайхан, бедарш йуьттуш, йуучуьнца таро йеш. Дукха ца Iаш, Кана-шайх а, Докка-шайх а цIа ваийтина Iедало, бехке вац аьлла.

1918-чу шарахь Кана-шайх бахьана долуш хIаллак ца йеш йисина Девкар-Эвла. Цуьнга ладугIуш дукха нах хилла. Деникинан эскаршна дуьхьал тIом латтийна цо. Советийн Iедал толийта дукха гIуллакхаш а дина. Iедал чIагIделча, Кана-шайх новкъа хилла муьжгашна.

Кана-шайх 1933-чу шарахь Iедало дIалаьцна. Бехк боццушехь набахтехь тоьпаш тоьхна цунна.

Теркан кIоштан Лаха-Неврерчу кешнашкахь зерат ду Iусман-Хьаьжин а, Кана-шайхан а.

Дукха наха лерам беш меттиг йу иза. Дала зерат къобалдойла цига богIучеран массеран а!

*М. Заурбеков*

ПОЛЕЗНОЕ

# ИЗЛИШНЯЯ ВЕЖЛИВОСТЬ

**ЧТО ОЗНАЧАЕТ СЛОВО «ВЕЖЛИВОСТЬ»? ПОЧЕМУ ЭТА ЧЕРТА ХАРАКТЕРА МОЖЕТ СТАТЬ ОПАСНОЙ? КАК НАЙТИ ЗОЛОТУЮ СЕРЕДИНУ?**

**Нас с детства учат быть вежливыми, любезными с другими людьми. Слово «вежливость» имеет старославянское происхождение. Оно означает знатока правил приличия, форм выражения доброго отношения к людям. Примеров вежливости много: когда человек уступает место в транспорте, пропускает в очереди, бывает внимательным в общении и т. д. Но бывают случаи, когда вежливость может навредить или стать опасной чертой характера. Рассмотрим это на частных примерах.**



### ЗДОРОВЬЕ – ВАЖНЕЕ ВСЕГО

Например, на приёме у врача вы из-за стеснения, нежелания его беспокоить умалчиваете про важные симптомы болезни. Из-за этого у вас впоследствии могут возникнуть большие проблемы со здоровьем. Ведь в сфере здравоохранения мелочей не бывает. Все реакции организма очень важны для доктора при составлении общей картины здоровья пациента.

### ТОЛЬКО ФАКТЫ

Когда люди в спешке спрашивают вас о чём-то важном, нет необходимости давать развёрнутый ответ, задерживать их и навязывать своё мнение. Конечно, на первый взгляд это кажется проявлением заботы, но вашему собеседнику нужны только факты. Поэтому, если вы не хотите слыть занудой, научитесь отвечать кратко и по делу.

### ОТКАЗЫВАТЬ – ЭТО ИНОГДА НОРМА

«Эх, почему ж я согласился!» – проносится в мыслях у очень вежливых людей, когда им приходится делать что-то в ущерб себе и своему времени из-за своей доброты и наивности. Некоторые люди, зная, что вы не откажете, порой могут сесть вам на шею и использовать вас в своих корыстных целях. В таких случаях не нужно пытаться объяснить своё состояние через намёки, надо научиться отказывать открыто.

### ПОДХАЛИМСТВО

Бывают случаи, когда излишняя вежливость и услужливость могут стать признаком двуличия. Такой человек будет часто вам льстить, угождать, легко менять свои взгляды, но при этом внутри люто вас ненавидеть. С такой категорией людей лучше не иметь общих целей и близко не общаться.

### ЛИЧНЫЕ ГРАНИЦЫ

Порой рукопожатие, похлопывание по плечу или дружеские объятия при встрече могут быть вовсе неуместны в незнакомой среде. Мы, пытаясь таким образом показать свою открытость, можем, наоборот, сконфузить человека.

Быть вежливым – это хорошо, но во всём должна быть мера. Этого можно достичь, только общаясь с людьми, взаимодействуя с ними. Потому что никто не рождается знающим правила поведения. Но помните: гоняясь за внешними правилами, не упускайте внутреннее состояние.

*Ляйсан Бахтиева*

# ПОСТ В ПЕРВЫЕ ДЕСЯТЬ ДНЕЙ МЕСЯЦА ЗУЛЬ-ХИДЖА



Благословенный месяц Зуль-хиджа является одним из самых высокочтимых месяцев для мусульман. Также этот месяц является одним из четырёх запретных месяцев, в течение которых Всевышний Аллах запретил войны. Особенно ценными в этом месяце являются первые десять дней.

От Джабира (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Наидостойнейшими днями этого мира являются первые десять дней месяца Зуль-хиджа» (Аль-Баззар).

Хафиз Ибн Хаджар Аль-Аскаляни в книге «Фатх Аль-Бари» в комментарии к этому хадису сказал: «Очевидно, что причина предпочтения первых десяти дней месяца Зуль-хиджа заключается в объединении самых значимых обрядов поклонения в эти дни. Этими поклонениями являются: намаз (праздничный намаз), пост, садакъа (жертвоприношение), хадж, чего не встретишь в другие дни».

Поэтому благие деяния, совершенные в первые десять дней этого месяца, имеют особую ценность, и за эти деяния человек получает большое вознаграждение.

Учёные считают желательным соблюдать пост первые десять дней месяца Зуль-хиджа, ибо от Хафсы (да будет доволен ею Аллах) передаётся: «Четыре деяния не оставлял Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) – пост в день Ашура, пост в первые десять дней месяца Зуль-хиджа, пост трех дней каждого месяца и двухракаатный суннат-намаз перед утренним намазом» (Имам Ахмад, Ан-Насаи).

Слова Хафсы (да будет доволен ею Аллах) «десять дней…» подразумевают первые девять дней месяца Зуль-хиджа, ибо держать пост в десятый день, то есть в Курбан-байрам и последующие три дня является запретным.

В эти десять дней также входит и девятый день месяца Зуль-хиджа – день Арафа, и соблюдение поста в этот день является самым предпочтительным из всех этих дней.

Вознаграждение за пост в день Арафа равно вознаграждению за пост в течение двух лет, то есть тому, кто соблюдал пост в этот день, прощаются грехи двух лет – предыдущего и последующего.

От Абу Къатады (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Я надеюсь, что Аллах по причине поста в день Арафа простит (постящемуся) грехи прошлого года и года наступающего. И по причине поста в день Ашура простит (постящемуся) грехи прошлого года» (Муслим).

Однако тому, кто совершает хадж, в этот день желательно не поститься, для того чтобы иметь силу при мольбе и поклонении на горе Арафат. Совершающим хадж предписано разговляться в этот день, согласно хадису, в котором ‘Икрима (да будет доволен им Аллах) рассказывал, что однажды он зашел к Абу Хурайре (да будет доволен им Аллах) и спросил его о посте в день Арафа для людей, совершающих хадж, и он ответил: «Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) запрещал соблюдать пост в день ‘Арафа тем, кто находится на Арафате (то есть паломникам, совершающим хадж)» (Имам Ахмад, Бухари, Абу Дауд).

Из вышеприведенного нам стало известно о высокой награде, которую получает человек за соблюдение поста и другие благие деяния, совершенные в первые десять дней месяца Зуль-хиджа. Поэтому всем нам следует не упускать возможности заслужить прощение Аллаха и усердствовать в поклонении в эти благословенные дни.

*Нурмухаммад Изудинов*

# БАЙСАНГУР БЕНОЕВСКИЙ –ЧЕЛОВЕК НЕОБЫЧАЙНОЙ ХРАБРОСТИ, МУЖЕСТВА И СТОЙКОСТИ

**БАЙСАНГУР БЕНОЕВСКИЙ – ЗНАМЕНИТЫЙ ЧЕЧЕНСКИЙ ПОЛКОВОДЕЦ XIX ВЕКА, НАИБ ИМАМА ШАМИЛЯ. АКТИВНЫЙ УЧАСТНИК БОЛЬШОЙ КАВКАЗСКОЙ ВОЙНЫ 1817-1864 ГОДОВ. НАЦИОНАЛЬНЫЙ ГЕРОЙ ЧЕЧЕНСКОГО НАРОДА**

Байсангур Беноевский – знаменитый чеченский полководец XIX века, наиб имама Шамиля. Активный участник Большой Кавказской войны 1817-1864 годов. Национальный герой чеченского народа.

Байсангур Беноевский родился в беноевском селении Лем-Корц в 1794 году в семье Баршкъи – основателя беноевского рода Эди-некъе. Байсангур получил образование у известного ученого-арабиста Мухаммада Цонтароевского.

На тропу освободительной борьбы он вышел в начале 20-х годов XIX века под знаменами военно-политического лидера Чечни Бей-Булата Таймиева. В 1831 году, после убийства Бей-Булата, Байсангур стал сподвижником имама Гази-Мухаммада и участвовал в боевых действиях под его руководством. После гибели Гази-Мухаммада Байсангур присоединился к Ташу-Хаджи Саясановскому.

В 1832 году последовал разрушительный поход барона Розена в Чечню. Были сожжены десятки аулов. 18 августа в сражении у Гудермеса с полковником Волжинским Ташу-Хаджи и Байсангуру удалось разгромить казаков и взять два трофейных орудия.

Прославившийся своей отвагой за многие годы борьбы под знаменами газавата, Байсангур прослыл «железным человеком»: «таш адам» – так звал его Шамиль.



Ш.А. Гапуров и Х.С. Умхаев сообщают о нем следующее: «Байсангур Беноевский был человеком необычайной храбрости, мужества и стойкости. Он продолжал борьбу даже после того, как потерял в боях одну руку, ногу и глаз.

После излечения, уже в 1849 году, Байсангур снова влился в ряды повстанцев. Правда, уже в качестве наиба Шамиля. Байсангур до конца жизни оставался верен идеалам освободительной борьбы. Он не был корыстолюбив, не использовал свою должность для обогащения, никогда не злоупотреблял своими полномочиями.

С начала 50-х годов XIX в., когда Шамиль стал терпеть одно поражение за другим, Байсангур Беноевский до конца оставался верен имаму. Даже в Гунибе, когда 25 августа 1859 года Шамиль сдался кавказскому наместнику А.И. Барятинскому, Байсангур с боем вырвался из окружения и ушел в Беной».

После возвращения в Беной Байсангур не смирился с установлением царской власти в Чечне и ушел в горы. Вскоре в Беной явился со своим отрядом Али-Бек Пензулаев, потребовавший от жителей содействия в поимке Байсангура. Беноевцы отвечали, что искать его они не станут, а если нужен он отряду, то пусть отряд и ищет его.

На это им заметили, что если они не исполнят предъявленного требования, то будут выселены из места своего жительства. Эта угроза и стала причиной восстания, возглавил которое Байсангур.

Селение Беной было разорено. Его жители во главе с Байсангуром разошлись по горам, составив отряд, который «…едва ли будет скоро возможно» уничтожить, как отметил майор Муравьев.

А.А. Айдамиров в своей исторической повести «Калужский пленник», описывая обстоятельства пленения Байсангура, писал: «Байсангура взяли в плен недалеко от родного аула Беной. С ним находились престарелая мать, сыновья Тахир и Алхазур, дочь Лада и ее муж Муна со своими братьями Солтамурадом и Хамурадом. Генерал Кундухов приказал взять Байсангура живым. Но осажденные оказывали яростное сопротивление. Тогда, чтобы отвлечь внимание Байсангура, Кундухов приказал пристрелить его мать. Таким образом, удалось взять в плен Байсангура и двух его сыновей. Остальным удалось спастись».

20-го марта 1861 года вышел указ генерал-фельдмаршала Барятинского, который гласил: «Байсангура казнить смертию – повесить».

В скором времени решение суда было исполнено. Байсангура повесили на центральной площади Хасавюрта.

Байсангур Беноевский – старейший ветеран Кавказской войны, непотопляемый и исключительно целеустремленный, начав свой путь борца в годы правления Бей-Булата Таймиева в качестве сподвижника и общинного предводителя, пережив его и правление трех имамов, а также Ташу-Хаджи, расплатившись за право пронести знамя газавата и вести освободительную борьбу на протяжении почти 40 лет с телесными увечьями, дожил до 1861 года, чтобы завершить свой путь смертью народного предводителя, национального героя и примера непоколебимого духа воина.

*ИА «Грозный-информ»*

# МУХЬАММАДАН *(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)* НАНА КХАЛХАР

**МУХЬАММАД ХЬАЛИМАТ ЙОЛЧОХЬ ӀАШ ВОЛУШ ДӀАДОЬЛХУРА ШЕРАШ. ДЕГӀАНА АНДАВАЬЛЛЕРА, ЧӀОГӀА КХЕТАМЕ ВОЛУШ КХУЬУШ ВАРА. ДУЬНЕН ЧУ ВАЛАЛЕ А, ЦУЛ ТӀАЬХЬА А ДАЛА ЛАРВЕШ МА ВАРА ИЗА.**

Мухьаммад гинарг, цо Ӏаьрбийн мотт говза буьйцуш хезнарг чӀогӀа цецволура цунах. Мухьаммадан пхи шо кхаьчча, иза кхобуш йолчу Хьалимата, йуха а Аминат йолчу вигира иза.

Аминат йолчохь кӀант валаваре хьоьжуш Ӏаш хиллера иза чӀогӀа дукхавезаш волу цуьнан деда Ӏабдул-МуттӀалиб. Шен хьоме бер цӀакхаьчча, чӀогӀа хазахеттера нанна, шен кӀентакӀант гича, деда а вара самукъадаьлла. ХӀинца карахь лело бер дацара Мухьаммад. ХӀинца иза инзаре хьекъал, хьуьнар долуш нисвелла кӀант вара, шен пхи шо бен доццушехь. Баккхийчаьрца къамелехь дакъа а лоцуш, шен хьекъале нийса ойланаш гучу а йохуш, шовзткъа шо кхаьчначу Ӏеламстага санна. Кхиъна даьлла хьекъал долуш, цуьнца нийсса тидам болуш. Дала цунна делла ниӀмат дара иза, тӀейогӀучу заманчохь пайхамараллина хаьржина, шен сийлахь Элча хила кечвеш волу дела.

Амината къамел дора шен кӀантаца, цунах йоккха а йеш. Деда къамеле волура цуьнца, цунах дозалла деш. Амината Ӏабдул-МуттӀалибе хаьттина хиллера: «Кхунах иштта хьекъал, кхетам, тидам болуш исбаьхьа кӀант кхуьур ву аьлла тешаш варий хьо? - аьлла.

- Хьуна ма-гарра, хьуьнаре, дика могашалла а, хаза амалш а, тоьлла гӀиллакхаш а долуш, цӀена мотт буьйцуш, нийса ойлайар долуш кӀант ву-кха хӀара». Мухьаммадах чӀогӀа самукъадаьлла дара и шиъ. Цаьршимма дукха баркаллаш бехира Хьалиматана, цо иза дика кхиорна.

Ма-дарра аьлча, иза кхиош верг-м АллахӀ-Дела вара. Цо иза дика а кхиийнера. Ӏабдул-МуттӀалиба боккха мах белира Хьалиматана, дика лерам а бира. Хьалимат шен цӀа йирзира, Мухьаммад кхиош шен хиллачу аьттонах самукъадаьлла, ирсе а йолуш, цунах къастарна лазам а болуш. Бану-СаӀд олучу тайпанца даьккхинчу пхеа шеран лорах Мухьаммадан даг чохь бовха дагалецамаш хилла, йиц ца луш, шолгӀа нана хилла, даима йаха йисира ша вакхийна, ша кхиийна, шен гӀайгӀа бина йолу оьзда зуда Хьалимат.

Хьалиматан Ӏедал дара, ша Макка мосазза йоьду, Мухьаммад волчу зерате хӀоттар. Мухьаммада чӀогӀа сий-ларам бора цуьнан. ХӀоразза а дика тӀеоьций, шена тӀера оба кӀелтосий, баьрчче охьахаайора. Цо шен дика лелор, цо шен лерина кхиор диц ца дора Мухьаммада. Иза ша волчу йеъча, цунах доглозуш, цунна гӀо деш хуьлура.

Цхьана заманчохь меца хан хӀоьттина хилла Бану-СаӀд боху тайпа дехачохь. Хало ца гайта, даарех йоьттина эмкал а, дуккха а кхин совгӀаташ а деллера Мухьаммада Хьалиматана.

Мухьаммад Макка йухавеанчул тӀаьхьа, дукха хан йалале, нанас иза зерате Мединате вигира, цунна Нажжар тайпана болу шен гергарнах а бовзийта. Шайца цхьаьна Баракат цӀе йолу гӀарбаш а йигира цо, Умму-Айман олура цунах.

Шаьш Мединате дӀакхаьчча, Мухьаммадна цуьнан да ӀабдуллахӀ шена чохь цомгаш хилла хӀусам а, веллачул тӀаьхьа иза дӀавоьллина кешнаш а гайта йахара Аминат. Шен дахар Мухьаммадна дӀаделла йара Аминат, цуьнан цхьаьннан дуьхьа ма дара цуьнан йахар.

Делан Элча Мухьаммад Дала ларвеш, Дала терго йеш, хаза кхуьуш, шен ненаца ирсе вехаш вара.

Мединатехь цхьа бутт баьккхина, Макка цӀабаха новкъабевлира уьш. Мединатана а, Маккина а йуккъехь йолчу Абваъ олучу метте кхаьчча, цӀеххьана цомгаш хилла, кхелхира Аминат. Оццу меттехь иза дӀа а йоьллира. ТӀаккха, шен йалх шо долуш, дегехьара а, ненехьара а буо хилира Мухьаммад. Шуна муха хета, вежарий, йалх шарера ваьллачу Мухьаммадан хьал? Берана уггаре оьшучу хенахь, дукхайеза нана йелла, байлахь висина, мел гӀайгӀа, бала бара цуьнгахь. Буобер ма хили цунах, шен дола дан да воцуш, шех къахета нана йоцуш.

Цуьнан ден, цул тӀаьхьа ненан гӀарбаш хиллачу Умму-Аймана цӀа валийра Мухьаммад. ЧӀогӀа гӀайгӀане йара иза а, жима кӀант тӀаьхьа а вуьсуш, шен долахо йелла бохуш, йоьлхуш йара иза. Мухьаммадан нана йелча, цуьнан дедас Ӏабдул-МуттӀалиба ша волчу дӀавигира иза. КӀант кхиорна чӀогӀа саготта вара деда. Шен берел а чӀогӀа дукхавезнера иза Ӏабдул-МуттӀалибна. ХьаьжцӀа (КаӀбат) чохь тӀе охьахууш цхьа жима куз бара цуьнан. И куз лоруш, дукха лерина ларбеш, берех цхьа а цу тӀе охьа ца хоуьйтура. Мухьаммад шен дедеца дуккха Ӏара цу куза тӀехь. Мухьаммадан де вежарий оцу куза тӀера иза дӀаваккха гӀоьртича, Ӏабдул-МуттӀалиба цаьрга аьллера: «Витийша сан кӀант хиъна, ма хьийзавейша иза».

Да-нана дӀадаьлла, церан марзонах хаьдда, ша веза, шех къахета, шен терго йан стаг воцуш Мухьаммад висча, дедена иза везар кхин а совдаьллера. КӀантана ца тоьаш болу безам а, къинхетам а, терго а меттахӀоттийнера цо.

Буобер Мухьаммад ирс долуш вехаш вара шен дедеца. Ӏабдул-МуттӀалибан Ӏедал дара шен кӀентакӀантаца ловзуш, цуьнан самукъадаккха, цунна хазахетийта.

Иштта ирсе вахар а дукха деха ца хилира Мухьаммадан. Шина шарал тӀех ца делира иза. Цомгаш хилира деда. Ша вала гергавахча, Мухьаммад схьакхайкхийтина, шен ницкъ ма-ббу ловза гӀоьртира иза цуьнца. Амма, лазар чӀагӀделлера, куьг дегадора, ловза ницкъ ца тоьара. ТӀаккха бӀаьргех хиш хьаьвдира деден. Мухьаммад мара а воьллина, велха а воьлхуш, оба йаькхира цо цунна.

Оцу хенахь шен да Ӏабдул-МуттӀалиб волчу веара Абу-ТӀалиб. Мухьаммадах ша къаьсташ волу дела, кхин цкъа а ша цуьнца ловзур воцу дела, воьлхуш волу шен да гира цунна. ТӀаккха Абу-ТӀалиба элира: «ХӀай, сан да, хьо хӀунда воьлху? Тхуна массарна а ма хаьа, хьо къонах, майра стаг вуй, хьайн Даймехкан а, къоман а гӀуллакхна хьайн дахар дӀаделла вуй. Маккарчу наха массара а лоруш хилла ма ву хьо. ДогцӀена а, тешаме а волуш, доьналлица чекх ма ваьлла хьо. ТӀаккха хӀунда воьлху хьо?»

Ӏабдул-МуттӀалиба жоп делира: «ХӀай, сан кӀант, валарна кхоьруш со воьлху моттахь, хьо галваьлла хьуна. Вайх массо а вала везаш вуй хаьа суна. Да а, нана а доцуш висина, жимма Ӏийча, деда а воцуш вуьсуволчу хӀокху жимчу буоберах Мухьаммадах къахеташ воьлхуш ву хьуна со. ХӀинца со а дӀаваьлча, хӀун дийр ду те хӀокхо? Ден а, ненан а метта кхин мила хир ву кхунна, со дӀаваьлча?»

ТӀаккха Абу-ТӀалиба жоп делира: «Цуьнан де вежарел дика мила хьожур вара цуьнга? Тхуна массарна а тхайн берел чӀогӀа везаш ву-кх иза, тхайн синошца а, тарращца а оха ларвийр ву-кх иза. Оцу белхан са ма гатдехьа, паргӀат хилахьа, хӀай, сан да», - аьлла.

ТӀаккха Ӏабдул-МуттӀалиба весет дира шен кӀанте Абу-ТӀалибе. Цо иштта элира цуьнга: «Мухьаммад хьайца виталахь, хьайн берашца цхьаьна кхиавелахь иза. Со а дӀаваьлча, ша байлахь хилар хаалур ма ду цунна, да-нана а доцуш, деда а воцуш висча. Хьо хилалахь цунна ден а, ненан а, деден а метта. Ахь Мухьаммадан хьокъехь мел динчу диканна, оцу каш чуьра схьа баркаллаш бохур ду-кх ас хьуна. ХӀара сан тӀаьххьара весет ду хьоьга».

И дешнаш аьлла ваьлча, Ӏабдул-МуттӀалиб ша кхоьллинчу Далла дуьхьал дӀавахара, шен кӀентакӀанте Мухьаммаде тергамца ладугӀур ду-кх аьлла, тешна а волуш. Хьомсара Мухьаммад шен деда леш цунна йуххехь вара. Шен дедена уллохь дуккха а вилхира Мухьаммад. Деда валарх чӀогӀа Ӏаткъам хиллера цунна.

Абу-ТӀалиба кхочушйира ша шен дена хьалха йина чӀагӀо. Мухьаммад чӀогӀа дукхавезара цунна. Шен берашна йукъахь дукхавезарца къастош вара цо иза. Ша мичча водахь а, шеца вуьгура. ХӀинца Мухьаммад шен девешица бен вуьжуш а вацара. Тамаша а бацара, Абу-ТӀалиб Мухьаммадан ден ӀабдуллахӀан нанас дена вина ваша ма вара.

*С. Муртазаев*

## НАШИ ГЕРОИ

## ДЖАМАЛХАНОВ ЯКУБ (1934 – 2002)




Джамалханов Якуб Аюбович родился в 1934 году в селе Гелдаген.

С ранних лет обучался чтению Священного Корана, был мюридом Кунта-Хаджи Кишиева (да будет возвышена его святость). Аюб, отец Якуба, в свое время был отправлен в ссылку за то, что обучал других Корану и был приверженцем вирда Кунта-Хаджи Кишиева.

В десятилетнем возрасте Якуб был депортирован вместе со своим народом в Среднюю Азию.

Женился в 1953 году, стал отцом девяти детей.

С 1989 года являлся турком села Гелдаган.

В 1996 году совершил хадж в Мекку.

В 1998 году стал заведующим медресе села Гелдаган.

В середине 90-х годов, с первых поползновений ваххабизма, Якуб выступил противником чуждой идеологии. Принимая во внимание его глубокие знания Ислама и его авторитет среди населения, ваххабиты предлагали Якубу перейти на их сторону. Но Якуб был непреклонен. В его адрес начали поступать угрозы расправы, но и это его не сломило. Он твердо следовал слову Аллаха и сунне Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), призывал людей к вере, взаимоуважению и противостоянию международному терроризму.

19 сентября 2002 года бандгруппа ворвалась в дом Якуба. В это время он читал Коран. Когда богослов попросил дать дочитать суру, ему ответили: «Дочитаешь на том свете».

Якуб был зверски убит в собственном доме на глазах у родных. Так завершился жизненный путь мусульманина, чеченца, патриота, человека безграничной доброты.

Дала гӀазот къобалдойла цуьнан!

# «ЗАМАНО ХУЬЙЦИЙ-ТЕ СТАГ?»

**«ЗАМАНАН АРХАШ СОВЦАЛУР ЙАЦ» – ОЛУШ ДУ-КХ ХАЛКЪАЛАХЬ. ИЗА НИЙСА АЬЛЛА Х1УМА ДУ, ЦХЬАНА А АДАМЕ ЗАМА САЦА А ЛУР ЙАЦ, ХИЙЦА А ЛУР ЙАЦ. ЗАМА-М Д1АЙОЬДУШ ЙУ, ВАЙНА ЛААХЬ А, ЦА ЛААХЬ А. ЦУЬНЦА ВАЙГА КЪИЙСАЛУР ДАЦ.**



Вуьшта, вайна ца товш цхьа хӀума гучудалахь йа цхьа керланиг йукъадалахь, вай зама бехке йо:

«Иштта йу-кх хӀара зама!», «Замане хьаьжжина ду-кх гӀуллакх...», «Сийдоцуш зама йу-кх хӀара!..», «ТӀаьхьара зама йу»...

Кхин а масане ду иштта бехкаш дахарш. Декъаза зама йу-кх массо а агӀор бехке йийриг, дерриг а цунах гӀоьртина долуш санна. Амма заманан бехк болуш хӀумма а дац, дахарехь хуьлуш долчу массо а хӀуманна - дикачунна а, вуочунна а бехке адам ду, хӀунда аьлча, и дика а, вуон а цо ша деш ма ду.

Хан-зама йаьлча, йукъараллехь цхьацца хийцамаш хуьлу, хьалха гина а, дуьйцу хезна а доцург йукъадолу – тӀейухучуьнца, лелочу техникица, машенашца, хӀусамца, и. д.кх.

ТӀаккха стага шена цунах хетарг олу: «ХӀара-м дика ма йу!», «ХӀара-м чӀогӀа оьшуш йу!», «Супер!» (кегийчара олу иза) иштта дӀа кхин а. Оцу керлачу хӀумане хьаьжжина, цо керла ойла, йукъаметтиг, лелар кхуллу.

ТӀейуху бедар иза йелахь, лелар, болар цуьнга хьаьжжина хуьлу. Керлачу, йезачу, хазачу машено а хуьйцу цхьаволчу стеган амал: кура ойланаш хьийза цуьнан коьрте: «ЭхӀ! Ма «крутой» кӀант (йоӀ йелахь йоӀ) ву(йу) со». Иштта хийцало-кх и стаг, цуьнан лелар а кхечу тайпана хуьлу. Масалш, вайна эшахь, хьашт ма-дду долуш ду.

Шуна маца гина «крутой» кӀанта, йеза, хаза «джип» а сацийна, новкъахь лаьтта воккха стаг йа бераца йолу зуда дӀайуьгуш? Ца хаьа, шен гергарнаш йа уллерниг дӀавуьгуш берш-м хир бу, амма ца вуьгу вевзаш воцург-м. ХӀан-хӀа, иза кура ма ву, новкъахь лаьттачух иза ваша ма ца веша. Цара-м некъал дехьаволучунна некъ а ца буьту – иза сиха ву, иза «джип» тӀехь «крутой» ву, цунна вай, гӀаш лелаш дерш, дош ца хета.

Иза цхьа масал бен дац, вайн заманахьлерчу стеган «гӀиллакхаш» гойтуш долу. Лехьо воьлча-м, и саннарш дуккха а карор ду. Делахь а вай ала гӀертарг, зама хьехайахь а, хийцалуш верг стаг а, йукъаметтигаш а йу бохург ду. Йкъараллехь керла гучудаьлларг, «моде а долий», дукхахьолахь тӀеоьцуш ду, ткъа цо адамна тӀеӀаткъам бо.

Хууш ма-хиллара, цивилизацино шираниг дӀадоккху, дӀатотту, дохадо, хӀунда аьлча муьлхха хӀума а шен цхьана ханна бен дац – бедар, пхьегӀа, гӀишло, лело гӀирс, техника и.д.кх.

Амма шираниг бух боцуш дӀа ца долу вайн дахарера – иза вайн иэсехь дуьсу, цунах пайдаоьцу, зеделларг тӀаьхьенашка кховдадо. Иштта ца хилча-м дахаран кхиар а хуьлийла дац – дерриге а керланиг ширачун буха тӀехь лаьтта, цуьнца доьзна хуьлу.

Цкъацкъа вай халахетарца олу: «Хьалха хаза гӀиллакхаш дара, нах оьзда бара».

Иза бакъ ду. Делахь а, гӀиллакхаш дайна, дӀадевлла дац вайна йукъара, ша лелочо хӀинца а леладо уьш. Оьзда лелаш болу нах а бу вайна йуккъехь – цхьадика – шортта. Уьш бацахьара-м вайн гӀуллакх, Ӏер-дахар эрчадаьлла хир дара.

Тахана вайн Ӏедалера дика дӀадолор ду нохчийн йукъараллехь схьадохьуш: шира Ӏадаташ карладахар, нахана йукъахь барт чӀагӀбар.

Дайн Ӏадаташ, гӀиллакхаш лар а ца дича, адамашна йукъахь барт а ца хилча, къам хӀаллакьхир ду.

ДӀадаханчуьнца йолу зӀе хадо йиш йац вайн. Цунделла къаьсттина боккхачу тидаме эца дезара тӀекхуьучу тӀаьхьенца йолу зӀе чӀагӀйар, цуьнан Ӏер-дахар нийсачу новкъа дӀадахийтар, дайн гӀиллакхаш кегийчарна Ӏамор, уьш цаьрга леладайтар.

Вай зорбанехь дукхазза а дийцина «нохчалла» бохучух лаьцна. Иза хӀун ду а, цунах муха кхета веза а, иза муха лело деза а дийцина вайна дика бевзаш болчу нохчийн йаздархоша, журналисташа, Ӏилманчаша.

Нохчалла йар-кха вай тахана ваьшкахь кхио а, ларйан а йезаш йерг. ХӀунда аьлча, вайн халкъан синан бух ма бу иза, вайн дозалла, къомах къам дийриг а ма ду иза.

Вайн вовшашца уьйр-марзо а йелахь, гӀо оьшучохь орцахдовла вай кийча а делахь – иза йу-кх нохчалла.

Шен а, шен доьзалан а, къоман а, сий ца дойъуш, дайн гӀиллакхаш лардеш, стаг вахахь – иза йу-кх нохчалла.

Хало тӀейеанчохь доьналлех ца вухуш, дуьненан дика тӀехьаьвзича кура а ца вуьйлуш, къонах а хилла, стаг чекхвалахь – иза йу-кх нохчалла.

И масалш кхин дуккха а дало йиш йу вайн, амма, йиййцаре а йина ца йуьтуш, нохчалла ларйар, кхиор вайн массеран а декхар ду.

Ийман а, беркат а доьзалехь делахь, цунах дика болх а, пайда а ца хуьлуш ца буьсу церан гергарнаш а, лулахой а. Беркате доьзалан масал махкахошна а пайда бохьуш ду. ХӀунда аьлча, доьзалех лаьтташ ма йу йукъаралла, дика доьзалш алсам мел хили а, йукъаралла а хир ма йу барт цхьаъ болуш.

Бертахь доьзал кхиор дайшна тӀехь ду, аьлла хета суна. Далла а, нахана а хьалха шен доьзалх жоп дала дезарг да ву. Доьзалх хьакхаделла вуон а, дика а дӀадерзо дезаш а ву иза, цунна напха латто а деза цо, иза иймanehь кхио а, цунна Дела а, дин а довзийта а, дезийта а декхарийлахь ву иза. Тахана а, гуттар а доьзалан да хилар чӀогӀа жоьпалле гӀуллакх ду. Доьзалехь барт а, беркат а, нийсо а латтор дена тӀехь ду.

Вайн халкъана Дала йелларг йоккха хазна йу – шена чохь исбаьхьа Ӏалам долу Нохчийчоь. БӀеннаш шерашкахь хӀокху вайн махкахь, вайн лаьтта тӀехь, хьанал къа а хьоьгуш баьхна вайн дай. Цара мохк а ларбина, дайн гӀиллакхаш а лардина, вуониг дӀа а тоттуш, диканиг тӀе а эцна, оьшург, пайденна дерг тӀаьхьалонна а дитина. Тахана вайн бакъо йац ледара хила, вешан мотт а, дайн гӀиллакхаш а дӀатаса, Даймехкан дола ца дан.

Вай замане хьежа ца деза, вай ваьшка хьовса деза – дика а, оьзда а, ийманехь а хилар вайн карахь ду.

*М. Арсанукаев*

## КОГДА ПЛАЧЕТ ЗЕМЛЯ



Вайнахи! Боль свою мы не забудем —
Она в сердцах навеки проросла.
Любовь к Отчизне предков не остудим
Она нас всех в нелегкий час спасла…

Нас гнали на машины и в бараки,
Вокруг качались острые штыки.
Коровы, овцы, лошади, собаки
Кричали вслед от горя и тоски.

На оскорбленья мы не отвечали.
Катились слезы горькою рекой,
Когда больных своих мы оставляли —
Нам запрещали брать больных с собой.

И, поднимая небосвод хрустальный,
Привычно травы под ноги стеля,
Глядела вслед тревожно и печально
Моя осиротевшая земля…

Запомним эти страшные мгновенья,
Когда от горя таял даже снег,
Ведь тысячи невинно убиенных
Нам не простят отныне и вовек!

Немногие обратно возвратились,
В чужой земле оставшись навсегда,
А их сердца с такой надеждой бились —
Что не убьют ни ссылка, ни года!..

День возвращенья был — как озаренье,
Передо мной стоит он до сих пор:
Седые горцы, вставши на колени,
Целуют вековые камни гор.

И прятали растерянные лица
Враги их, низко голову клоня…
Позволь тебе мне тихо поклониться,
Земля моя, любимая Чечня!

*Муса Гешаев*

НАША ИСТОРИЯ

# КУЖУЕВ АБДУЛ-МЕДЖИД



КУЖУЕВ АБДУЛ-МЕДЖИД БАЧИЕВИЧ (14 МАЯ 1872 – 1 ИЮЛЯ 1916) - известный общественно-политический и военный деятель Чечено-Ингушетии начала XX-го века. Родился в семье выдающегося чеченского суфийского богослова-алима Бачи с. Ачарешки Даргинского наибства Ичкерийского округа Терской области. Принадлежал к кадирийскому тарикату и чеченской родовой общине айткхаллой. В 1893 году окончил Александропольский учительский институт в Тифлисе. Короткое время преподавал в Грозненской горской школе, был смотрителем Бардинского земского двухклассного училища. Благодаря его стараниям, в 1907 году открывается учебный класс для чеченских мальчиков при церковно-приходской школе в крепости Ведено, расположенной в глубине гор. Еще до открытия этого класса Кужуев избирается руководителем Попечительского совета этого учебного подразделения, в котором чеченские дети изучали русский и арабский языки, основы естественных наук и шариата.

В дальнейшем почти вся его жизнь была связана с армией. В 1904-1905 годах, во время русско-японской войны, он был командиром чеченской сотни в составе Терско-Кубанского конного полка. В октябре 1904 года его сотники, к которым присоединились и кабардинские всадники, восстали против порядков, царивших тогда в русской армии. Но, тем не менее, 18 марта 1905 года он был принят царем Николаем II в Зимнем Дворце, как герой только что завершившейся русско-японской войны. В 1909 году Абдул-Меджид назначается приставом г. Кизляр. По его приглашению в администрации этого города служил тогда еще очень молодой шейх Али Митаев, отвечавший за безопасность на железнодорожной ветке от Кизляра до Грозного. Оба они были друзьями и соратниками. В 1912 году Кужуев баллотировался в Государственную думу России, однако из-за его оппозиционности к политическому режиму власти сфальсифицировали результаты промежуточных выборов, после чего ему запретили дальнейшее участие в выборах. Абдул-Меджид состоял в дружеских связях с известным на всю Россию абреком Зелимханом, а также с мусульманскими деятелями Чечни и Ингушетии, оказывал им поддержку и покровительство. Во многом именно из-за этого в начале 1913 года он был выслан из Терской области сроком на 5 лет без права проживания на Кавказе (в документе было сказано: «за противоправительственную деятельность»). Важно подчеркнуть, что он и абрек Зелимхан в агентурных сведениях военного губернатора Дагестанской области от 17 марта 1912 года называются руководителями восстания, которое втайне готовилось в Чечне и Ингушетии к весне того же года. В 1914 году, в связи с началом Первой мировой войны, Абдул-Меджид добровольно уходит на фронт и сразу же назначается командиром сотни, а затем и полудивизиона в составе Чеченского полка «Дикой дивизии». Он даже в боевых условиях бережно относился к соблюдению чеченских обычаев и традиций, в том числе мусульманских ритуалов. 1 июля 1916 года на австро-венгерском фронте в карпатских горах Кужуев «погиб в атаке в бою с неприятелем», вызволяя из окружения 43-й Охоцкий полк полковника Беляева, целиком состоявший из православных воинов. Тело Абдул-Меджида, согласно договору, составленному с военным командованием «Дикой дивизии», доставляется на родину специальным поездом и торжественно передается его родственникам. По завещанию Кужуева он похоронен на священной горе Эртени, недалеко от могилы матери Кунта-Хаджи Кишиева. На месте его захоронения была воздвигнута стела («х1оллам»), как воину, погибшему на поле брани.

Кужуев был человеком весьма строгих правил, в свой адрес он не терпел даже и намека на оскорбление. В местах своей военной службы он прославился как заядлый дуэлянт, и слава его в этой области дошла до военных инстанций Санкт-Петербурга.

За ратные подвиги он был награжден орденами: Святой Анны V степени с надписью «За храбрость», Святого Владимира, Святого Станислава, Георгиевским крестом IV степени, а также «Золотым именным оружием» (Георгиевское оружие). Кужуев был женат на православной Павле Сергеевне Лебедевой, которая позже приняла Ислам (она была повивальной бабкой в крепости Ведено). Их дочь Зверева-Серебрякова Н. В. жила в Москве, умерла в 1975 году. Ее единственный сын (внук Кужуева) геройски погиб на фронте во время Великой Отечественной войны.

*Ахмадов Х. С*

# ВАЖНО ЗНАТЬ: ЖИВОТНОЕ, КОТОРОЕ НЕЛЬЗЯ УБИВАТЬ ПО ИСЛАМУ

Муравей, наряду с пчелой, испокон века считается в народе символом трудолюбия, выносливости и дружной, сплоченной жизни в общем коллективе. Про работящего человека часто говорят «трудолюбив, как муравей».

В народе бытует множество поговорок об этих насекомых, в которых также отражена их сила, выносливость и сплоченность. «Муравей невелик, а горы копает», «Муравей не по себе ношу тащит», «Мал муравей телом, да велик делом», «Муравьи сообща и льва одолевают».

Что говорят источники нашей религии о муравьях?

Муравьям посвящена целая сура Корана, которая так и называется «ан-Намль» («Муравьи», 27 сура). В ней упоминается история, которая приключилась однажды с великим царем и пророком Сулейманом (Соломоном) (мир ему), который был мудрейшим из людей и умел понимать язык животных.

Однажды, когда царь со своим войском отправлялся в поход, им случилось проходить через местность, где жили муравьи. Один из них предостерег своих сородичей о приближении армии, чтобы они успели спрятаться. Поскольку Сулейман понимал язык насекомых, он услышал слова муравья и улыбнулся, порадовавшись его предупредительности, а также поблагодарил Всевышнего за те блага, которые Он ему дал (в частности, научив языку животных).

«Когда они прибыли в долину муравьев, муравьиха сказала: «О муравьи! Войдите в свои жилища, чтобы Сулейман (Соломон) и его воины не погубили вас, даже не почувствовав этого». Он (Пророк) улыбнулся, рассмеявшись от ее слов. Он сказал: «Господи! Внуши мне быть благодарным за Твою милость, которую Ты оказал мне и моим родителям, и совершать праведные деяния, которыми Ты будешь доволен. Введи меня по Своей милости в число Своих праведных рабов»» («ан-Намль», аяты 18-19).

В Библии, Священном Писании христиан, есть книга Притчей – нравоучительных изречений, чье авторство также приписывается царю Соломону (хотя достоверно это неизвестно). Ее автор приводит в пример муравья, как образец трудолюбия, который должен служить укором для ленивого человека: «Пойди к муравью, ленивец, посмотри на действия его, и будь мудрым. Нет у него ни начальника, ни надсмотрщика, ни повелителя; но он заготовляет летом хлеб свой, собирает во время жатвы пищу свою» (Притчи, 6,6-8).

В пророческих сообщениях подчеркивается необходимость уважительного отношения к муравьям – их нельзя убивать и плохо к ним относиться: «Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) запретил убивать четырёх животных: муравьёв, пчёл, удодов и сорокопутов» (Ахмад, Абу Дауд).

Что же нам известно о муравьях, исходя из научных исследований?

Муравьи очень многочисленны. Еесли посчитать суммарную массу всех муравьев, обитающих на Земле, окажется, что она равна массе земного шара. А если разделить количество муравьев на количество жителей Земли, то на каждого из нас придется около миллиона муравьев.



Муравьи, как и пчелы – насекомые общественные. Как и у пчел, члены муравьиного семейства подразделяются на три вида – матка-«царица», которая производит потомство, самцы, которые нужны для оплодотворения самки, а также рабочие муравьи – самые многочисленные, которые размножаться не умеют, но выполняют все работы в общем коллективе.

На Земле живет примерно 12-14 видов муравьев, которые отличаются большим разнообразием форм, расцветок, рода занятий. Есть муравьи лесные, полевые и садовые, есть муравьи «оседлые» (это большинство муравьев), а есть муравьи-«кочевники» (которые не имеют строгого места жительства). Есть муравьи, которые занимаются сельским хозяйством – они умеют разводить съедобные грибы, а есть муравьи-скотоводы (многие из обычных садовых муравьев разводят тлю, чьим сладким соком они питаются).

Многим из нас приходилось сталкиваться с домовыми муравьями, которые иногда заводятся в городских квартирах. Научное их название «фараоновы муравьи». Это тропический вид муравьев, который был завезен в 19 веке на кораблях из Азии. А в домах они живут, поскольку они теплолюбивы и не смогли бы выжить в нашем климате.

Муравейников в привычном смысле у них нет, они устраивают себе гнезда за обоями, в щелях стен, в бытовой технике или тканях. По этой причине их трудно вывести. Для людей они опасны тем, что переносят на лапках различные болезни – поскольку они бегают по мусору и отходам, перенося оттуда болезнетворных микробов.

Остальные муравьи, живущие на территории нашей страны, устойчивы к холоду, поэтому живут они в лесах, на полянах, в садах и огородах. Самые распространенные муравьи в нашей стране – это садовые черные муравьи. Они обитают под землей, об их месте обитания можно догадаться по нескольким ямкам в почве.

Также они могут обитать в трухлявой древесине пней и упавших деревьев (поэтому, когда вы располагаетесь на привал в лесу или в поле, внимательно осмотрите пни и бревна, на которые хотите присесть во избежание укусов муравьев). Эти насекомые могут наносить вред садам и огородам, поскольку иногда разводят тлю на растениях.

Также в наших широтах встречаются муравьи-древоточцы, которые могут нанести серьезный вред бревенчатым домам, если поселятся на них – колония таких муравьев может превратить в труху деревянные балки или мебель.

Рыжие муравьи, которые также мы привыкли видеть в природе, являются рабовладельцами. В их семействах отсутствуют рабочие муравьи, так что они похищают потомство других видов муравьев, которое потом заставляют работать в своем муравейнике.

В тропических странах живут муравьи различных экзотических видов. К примеру, на юге Северной Америки и в Южной Америке живут муравьи-листорезы, которые срезают листья и цветы, а затем уносят их в свой муравейник. Однако, они ими не питаются, но используют для выращивания грибов. Муравьи этого вида могут нанести серьезный вред садовым посадкам из-за их любви к зеленым растениям.

В тропических странах обитают также муравьи, называемые медовыми. Их так называют, поскольку они хранят в своих брюшках большие запасы сладкого нектара растений. В местах их обитания мало съедобных растений, поэтому муравьи откладывают сок растений про запас, чтобы в случае необходимости прокормить остальных членов коллектива.

Еще несколько интересных фактов из жизни этих удивительных созданий Всевышнего.

Муравьи очень трудолюбивы – они способны поднять груз, превышающий в сто раз массу их тела.

Муравьи чрезвычайно справедливы – они могут ухаживать и кормить больных сородичей, но при этом способны уничтожить тех членов семьи, кто отлынивает от общей работы.

Муравьи общаются между собой – когда кто-то из них найдет пищу или чует опасность, он сообщает об этом остальным. Об этом говорилось и в вышеприведенном аяте Корана, где один из муравьев, почуяв опасность, тут же предупредил об этом остальных.

Разные виды муравьев могут сражаться между собой за лучшие места обитания.

Лесные и луговые муравьи очень полезны для окружающей природы, поскольку они очищают леса и поля от гусениц и других вредных насекомых.

*Анна Кобулова*

ХАТТАРШ А, ШАРИIАТЕХЬ ЖОЬПАШ А

**Ц1ийнда вала а велла, ши бер долуш ша йисча, цул т1аьхьа маре йахана зуда. И ши бер шайн долчаьргахь, шайн ц1ахь дитина цо. Цул т1аьхьа хан-зама йаьлла шортта, и бераш даккхий ду, и шайн нана хьалха маре йаханера бохуш, бераш нене дист а ца хуьлуш, цуьнан дола ца деш, шайх и нана хьоьгуйтуш бу. Цунах лаций алахьа боху.**

Вахар хала ду, дерриге там-товриг деш дац, доьзалш тергал бар доцуш, ас-со къовсий, ц1ийнда а, х1усамнана а вовшех долий меттиг хуьлу, т1аккха цхьана дахар ца хуьлуш, и шиъ къаьста. Зуда кхечанхьа маре йоьдуш хуьлу, стага зуда йалош нисло. Велла йуьсий, бераш кхаба г1ерташ йоллу зуда, йуха а шена зен хирдолчу некъах ларйаларан дуьхьа маре йахана меттиг хуьлу. Иштта оцу берашна эшамаш дукха а хуьлу, и эшамаш царна хиллехь а, нана йолчуьра д1а ца йолу нана, доьзалш оцу нена болчара д1а ца бовлу. Нагахь санна оцу доьзалан даьхни а долуш, кхиа а кхиъна, и доьзалхо хилча, доьзалхо велча, цуьнан даьхни шарет дечу хенахь, кхечанхьа марехь йелахь, оцу нанна цунах ирс дог1ур долуш ду. Цо гойту, царна йуккъера ненан гергарло дIадолуш цахилар. Уьш кхетаме а, хьекъал долуш а болчу нахах дагабовлахьара, нена-ца ийг1ина Iачул а. Дена-нанна суьдахо хила бакъо йац доьзалхочун, нана реза хуьлу аг1о лаха йеза доьзалхочо. Тоххара ма ца лехна цо со резавар аьлла хетар ду доьзалхочунна, цуьнан хьекъал т1екхуьур дац, хаза 1елимстагах дага а ваьлла, динехь муха ду-те шен лелар аьлла ойла йича, меттах1уттур вара доьзалхо. Тесна йита бакъо йац, т1етт1 даха а деза, г1иллакх х1отто а деза. Цкъа а дIайер йоцу марзо йу доьзалхочунна а, нанна а йуккъехь йерг. Цундела хаза йукъаметтиг лаха йеза. Церан сий ма дац дайинарг, шари1атехь шен бакъо йолу некъ бу цо бинарг, и доьзалш а, нана а вовший ца хилча ца бовлу.

**Шен дас-нанас оьшуш долчу х1уманна аьлла, д1ахецна латта дара. Оцу латта т1ехь х1инца цхьана наха ц1енош дина. Цунах лаций дийцахьа.**

Вакъф йина меттиг йохка йиш йолуш йац, цхьаьннан а дола йаккха йиш йолуш йац. Вакъф йинчо маьждигана цо аьллехь, маьждиг дан мегар ду оцу латта т1ехь (Вакъф бохург - шен меттиг д1ахецна йитар). Оцу стага ша меттиг д1ахоьцуш, цу т1ехь де аьлларг: больница, ишкол, хьуьжар, маьждиг, бежанан хьарма - цо аьлларг йийр йу. Нагахь цо и меттиг йукъара хедца йитинехь, цу т1ехь массарна пайде йолу х1ума йан йеза. Шенна дола йаьккхина ц1а дан мегар дац, кхиболу нах цунах д1а а хадош. Оцу декъа т1ехь стом болу дитт делахь, х1ораммо а т1е а вахана, стом баккха бакъо йолуш хила дезаш ду иза. Цунах адамаша пайда мел оьцу, и д1ахецна йитинчу стагана «лела саг1а» (цкъа а хедар доцу саг1а) хир ду. Дала лардойла, х1ара сан долахь йу аьлла, оцу т1е охьахаарх.

**Марехь йолу зуда шен денц1а йеъча, шена оьшуш йолу х1ума ц1ерачаьрга хатта а ца хоттуш, д1айахьа бакъо йуй?**

Доьзалхочунна ден-ненан даьхнех а, ден-ненан доьзалхочун даьхнех а дакъа ду. Х1унда аьлча, вовшех ирс дог1уш бу уьш, вовшийн даьхнех дакъа ду церан. Нагахь санна дас-нанас, цо эцций хиъча, хьанал йу цунна аьлла, уьш севцца белахь - хьанал йу цунна иза. Нагахь санна дас-нанас, доьзалхо т1е ма кхочийла аьлла, д1айиллина йолчу х1уманна, лаха а лехна, доьзалхочо шена дезаре хьовзийча, бехке хир ву и доьзалхо, ден-ненан пурба хила деза эццахь.

**Вайн дуьне цхьа шо даьлча, ши шо даьлча, духур ду бохуш дуьйцу, цунах лаций алахьара боху.**



Лекха волчу Дала боху: «Къематде маца хир ду бохуш хьайга хаттар дича ахь ала, х1ай Пайхамар, Къематде маца хир ду хаар Далла гергахь ду», цу т1е кхуьур дац цхьа а малик, Пайхамар а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхуьур вац. Цхьана а пайхамарна а, цхьана маликана а Дала хаар делла ца хилча, и Къематде маца х1уттур ду хууш дац. Ма майра бу-кх и тайпа хабарш дуьйцуш болу нах. Дала йуьхь1аьржонах лардойла вай, Дела цхьаъ воцчунна бен ца хаьа и Къематде маца х1уттур ду. Бакъду, жайнашкахь цхьацца 1аламаташ дийцина, Къематде герга деъча, х1ара хир ду, важа хир ду бохуш. Амма шо ду, ши шо ду, б1е шо ду ала ваьхьар волу стаг Далла гергахь майра ву. Вай эр дац иза. Х1унда? Далла бен хууш дац аьлча, кхачам бу вайна.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас*

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**33 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 05.06.2024 г. 15:00. Подписано в печать: 2 05.06.2024 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!